

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab 4, bisa dicindékkeun yén tina 40 karangan siswa kelompok eksperimen jeung 40 karangan siswa kelompok kontrol anu diajen dumasar kana aspek-aspekna anu ngawengku kualitas jeung lingkup eusi, organisasi jeung tampilan eusi, gaya basa, wangun gramatikal, ejaman, jeung karapihan tulisan, rata-rata ngalaman parobahan anu positif atawa ningkat, boh kelompok ékspérimén boh kelompok kontrol.

Dumasar kana hasil uji karangan siswa antara pratés jeung pascatés, bisa disebutkeun yén média gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa, lantaran rata-rata peunteun kamampuh awal (pratés) kelompok ékspérimén nya éta 15,77, kelompok kontrol 15,3, sedengkeun rata-rata kamampuh ahir (pascatés) kelompok ékspérimén ningkat jadi 19, kelompok kontrol 17,4. Gedéna pangaruh média gambar kana ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina kelompok ékspérimén nya éta 7,67, sedengkeun kelompok kontrol nu teu ngagunakeun média gambar nya éta 7.

Dumasar kana hasil uji gain, kamampuh ngarang siswa rata-rata ningkat. Jumlah rata-rata béda pratés jeung pascatés kelompok ékspérimén 1,06 sedengkeun jumlah rata-rata béda pratés jeung pascatés dina kelompok kontrol nya eta 0,69. Jadi,

gedéna pangaruh média gambar dina hasil uji gain kelompok ékspérimén nya éta 42,4 (rata-rata 1,06). Sedengkeun kamampuh ngarang siswa dina kelompok kontrol rata-rata ningkat, tapi teu sagede nu kelompok ékspérimén, Dina kelompok kontrol nu teu make perlakuan uji gainna nya éta 32,53 (0,69).

Dumasar kana hasil uji hipotesis taraf kapercayaan 99 kalawan db 39 mangka  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $7,67 > 2,42$ ), jadi bisa dicindékeun yén aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascaté dina kelompok ékspérimén anu ngagunakeun média gambar. Sedengkeun hasil uji hipotesis kelompok kontrol nya éta taraf kapercayaan 99 kalawan db 39 mangka  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $7 > 2,42$ ). Jadi bisa dicindekeun yén aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascaté dina kelompok kontrol anu teu ngagunakeun média gambar

Dumasar kana uji perbedaan pascaté kelompok ékspérimén jeung pascaté kelompok kontrol, dina taraf kapercayaan 99 kalawan db 39 mangka  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $3,08 > 2,42$ ), jadi bisa dicindékkeun yén aya béda nu signifikan antara pascates kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol.

Pedaran di luhur bisa ngajawab rumusan masalah kahiji nya éta média gambar gede pangaruhna atawa boga pangaruh nu positif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang. Sarta ngajawab rumusan masalah nu kadua nya éta bedana tingkat kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang samemeh jeung sabada digunakeun media gambar.

Dumasar kana pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima, sarta hipotesis nol ( $H_0$ ) ditolak. Tetela yén média gambar dina pangajaran nulis bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang.

## 5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan ngébréhkeun yén pangajaran nulis karangan éséy leuwih alus lamun dina latihanana maké média gambar tibatan dina latihanana teu maké média gambar. Hal ieu bisa katangen tina hasil tés anu enggeus ditepikeun ka siswa. Nulis karangan éséy maké média gambar bisa ngabantu siswa sangkan leuwih éféktif, parigel sarta nambahan pangaweruh nalika nyanghareupan pangajaran nulis karangan éséy. Salian ti éta, média gambar oge ngabantu guru sangkan pangajaran lumangsung leuwih éféktif jeung éfisién, sabab siswa bakal leuwih ngarti sarta gampang meunangkeun jeung ngembangkeun idé-idé kreatif ngaliwatan gambar. Dumasar kana ébréhan di luhur salasihiji cara pikeun mekarkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis, nu nulis méré saran leuwih hadé upama guru basa Sunda maké média gambar dina pangajaran nulis karangan éséy sangkan tujuan dina pangajaran bakal kahontal.

